

# CT Ready!

**3** GID POU PREPARASYON PÈSONÈL  
Etap yo dwe suiv pou nenpòt ki ijans

fè yon plan

rasanble pwovizyon

chache enfòmasyon



# fè yon plan

Yon ijans ka rive nenpòt ki lè. Depatman Sante Piblik Connecticut la vle ede w pare yon fason pou ou menm ak moun ou renmen yo ka an sekirite.



Sèvi ak gid sa a pou prepare w pou w pare nan ka nenpòt ijans.

## 1. Fè yon plan

Ranpli Gid sa a **KOUNYE A** - pa tann yon ijans rive. Planifye davans ap pèmèt ou jwenn zouti w ap bezwen lè gen yon ijans. Avèk pwòp CT Ready! pa w. Avèk Gid Preparasyon Pèsonèl ou nan men w, ou pral konnen ki jan pou pran swen tèt ou, moun ou renmen yo ak moun ki tou pre w yo avèk konfyans. Sa ap ede w santi w kalm epi an konfyans.

## 2. Rasanble Pwovizyon

Sèvi ak lis verifikasyon nan gid sa a pou fè twous dijans ou yo, konsa w ap gen founiti pare.

## 3. Chache enfòmasyon

Aprann ki kalite ijans ak kisa pou w fè pou chak moun nan gid sa a. Ou pral jwenn lyen ak nimewo telefòn enpòtan pou ajans Connecticut yo ak òganizasyon ki bay enfòmasyon ak èd pandan yon ijans.

**Fè lis tout moun k ap viv nan kay la pou moman (tout granmoun, timoun ak envite yo):**

---

---

---

---

---

## Chwazi Patnè Ijans ou yo

### Pa ale nan yon ijans pou kont ou.

Pou prepare, mande omwen de moun pou yo patnè ijans ou, yon fason pou youn ka ede lòt sipòte pandan yon ijans. Yo ta dwe moun ou fè konfyans.

### Patnè Ijans ou yo ta dwe:

- Rete an kontak pandan yon ijans.
- Konnen ki kote pou yo jwenn pwovizyon ijans ou yo.
- Konnen kijan pou opere ekipman medikal ou yo oswa ede w mete w an sekirite nan ka yon ijans.

### Non ak Nimewo Telefòn Enpòtan:

Ranpli enfòmasyon sa yo epi fè yon kopi pou tout moun nan fanmi w.

Non w: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

### Moun ki tou pre w nan Connecticut:

Non: \_\_\_\_\_

Relasyon (tankou zanmi, fanmi, sè, frè, elatriye):  
\_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

### Moun ki nan yon Eta diferan:

Non: \_\_\_\_\_

Relasyon (tankou zanmi, fanmi, sè, frè, elatriye):  
\_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_

Eta: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

### Pi pwòch paran:

Non: \_\_\_\_\_

Relasyon (tankou zanmi, fanmi, sè, frè, elatriye):  
\_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Vil: \_\_\_\_\_

Eta: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Selilè: \_\_\_\_\_

### Nimewo Lekòl ak Gadri:

Non: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Non: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

# fè yon plan

## Enfòmasyon Medikal ak sou Sante

### Enfòmasyon Enpòtan sou Sante ak Enfòmasyon Sovtaj:

Non konplè w (jan li ye sou fòmilè medikal yo):

\_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_

### Doktè/Espesyalis Mwen:

Non doktè a: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Non doktè a: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

### Famasi:

Non Famasi a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

### Asirans Sante

Non Konpayi an (tankou Blue Cross, Aetna, Medicare, elatriye):

\_\_\_\_\_

Nimewo Plan Endividyèl: \_\_\_\_\_

Nimewo Plan Gwoup: \_\_\_\_\_

Lopital Prefere: \_\_\_\_\_



### Medikaman Esansyèl ak Dòz:

Medikaman | Dòz | Chak jou | Chak semèn | Lòt

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Nenpòt alèji moun konnen (tankou myèl, penisilin, latèks, pistach oswa lòt alèji ak bagay moun manje, elatriye):

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Swen medikal/tretman aktyèl (tankou chimyoterapi, dyaliz oswa oksijèn):

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

Gwoup sangen: \_\_\_\_\_

Ou pote linèt?  Wi  Non

Preskripsyon linèt: \_\_\_\_\_

Ou mete aparèy pou tande?  Wi  Non

Ou mete fo dan?  Wi  Non

Lòt kondisyon medikal: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Ekri ekipman espesyal ou itilize (tankou oksijèn, chèz woulant, wòkè, kàn, elatriye):

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**Mwen se gadyen legal la e se mwen k ap pran swen:**

Non: \_\_\_\_\_

Dat Nesans: \_\_\_\_\_

Relasyon: \_\_\_\_\_

Yo ap viv avèk mwen:  Wi  Non


Adrès yo se:  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Medikaman yo: \_\_\_\_\_

Alèji yo genyen: \_\_\_\_\_

Kondisyon medikal yo: \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

## Èd pou Kominike

- Mwen pa ka li byen. 
- Mwen ka gen difikilte pou konprann sa w ap di m. Tanpri pale dousman epi sèvi ak langaj senp oswa foto.
- Mwen itilize yon aparèy pou kominike.
- Mwen pa tande byen.
- Mwen pa wè byen.
- Mwen Soud epi mwen itilize Lang Siy Ameriken.
- Tanpri ekri enstriksyon yo pou mwen.

### Ki lang ou pale?

- I speak English.
- Hablo español. (Spanish)
- Eu falo português. (Portuguese)
- Mówię po polsku. (Polish)
- Je parle français. (French)
- 我说中文. (Chinese)
- Parlo italiano. (Italian)
- Я говорю по русски. (Russian)
- Mwen pale Kreyòl. (Kreyol)
- Tôi nói tiếng Việt. (Vietnamese)



# fè yon plan

## Nimewo Telefòn Konpayi Piblik

Konpayi elektrik: \_\_\_\_\_

Konpayi Gaz oswa Gazolin: \_\_\_\_\_

Konpayi Dlo: \_\_\_\_\_

Konpayi Telefòn: \_\_\_\_\_

Konpayi televizyon pa kab: \_\_\_\_\_

### Asirans Kay/Lwaye:

Konpayi asirans: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn: \_\_\_\_\_

Nimewo Asirans: \_\_\_\_\_

## Strès yon ijans

Ijans ka bay strès. Eseye rete kalm.  
Rete konekte ak sous enfòmasyon fyab.  
Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.



## Konsiderasyon Espesyal

### Timoun

#### Ede yo santi yo byen pandan e apre yon ijans lè w:

- Mande pitit ou yo pale sou nenpòt ki bagay ki fè yo pè.
- Fè yo poze kesyon epi di w kijan yo santi yo.
- Pale ansanm ak yo sou ijans lan antanke fanmi.
- Di timoun yo kisa k ap pase nan mo senp pou yo ka konprann.
- Asire w ke yo konnen ijans lan se pa fòt yo.

#### Apre ijans lan:

- Di yo pa gen danje pou yo retounen lekòl epi patisipe nan lòt bagay nòmal, tankou jwe ak zanmi yo.
- Di yo ke yo ka pale ak pwofesè yo sou ijans lan.
- Vizite [ready.gov/kids](https://www.ready.gov/kids) pou jwenn plis konsèy enpòtan toujou.

### Granmoun Aje yo

- Si w bay sèvis swen sante lakay ou, asire w ke yo konnen plan ijans fanmi an ak kontak kle w yo
- Di lòt manm fanmi yo ki kote y ap jwenn pwovizyon pou ijans epi fè yo kijan pou yo itilize nenpòt ekipman medikal espesyal.
- Mete non w sou ekipman espesyal tankou chèz woulant, kàn oswa wòkè.

## Aksesibilite oswa Bezwen Espesyal

Dekri aksesibilite oswa bezwen espesyal ou yo:

---

---

---

---

---

---

- Di lòt moun ki kote w konsève pwovizyon ijans ou yo.
- Bay yon moun ou konnen e w fè konfyans yon kle lakay ou a.
- Si ou gen ekipman medikal ki bezwen elektrisite epi ou dwe evakye nan yonabri, pote yon ralonj avèk ou.
- Si ou gen ekipman medikal yo dwe livre w epi ou dwe evakye oswa al rete yon lòt kote pou yon ti tan, fè konpayi ekipman medikal ou a konnen ki kote w rete.
- Si ou bezwen dyaliz, chèche konnen ki kote etablisman tretman dyaliz ki tou pre w la ye.
- Si ou oblije rete nan yon otèl oswa nan yon motèl, asire w ke w di moun ki nan resepsyon biwo a ke w ap bezwen èd si gen yon ijans.

## Bèt domestik

Fè yon plan pou sa w ap fè pou kenbe bèt ou yo an sekirite pandan yon ijans.

- Rele zanmi, fanmi, veterinè oswa etablisman pansyon ki lwen katye w la pou w konnen si yo ta kapab pran swen bèt domestik yo pou ou.
- Anjeneral, se sèlman bèt sèvis ki ka ede moun ki gen andikap y ap pran nanabri yo.
- Pou plis enfòmasyon sou swen pou bèt domestik ou yo anvan, pandan ak apre yon ijans, ale nan [ready.gov/animals](http://ready.gov/animals) ak Connecticut State Animal Response Team (CTSART) [ctsart.org](http://ctsart.org), oswa rele Lakwa Wouj Ameriken: 877-RED-CROSS (877-733-2767).

**Non bèt domestik la:** \_\_\_\_\_

Bèt domestik la (tankou, chen, chat, elatriye):

---

Nimewo vaksinasyon kont raj: \_\_\_\_\_

Dat ekspirasyon: \_\_\_\_\_

**Non bèt domestik la:** \_\_\_\_\_

Bèt domestik la (tankou, chen, chat, elatriye):

---

Nimewo vaksinasyon kont raj: \_\_\_\_\_

Dat ekspirasyon: \_\_\_\_\_

**Veterinè mwen an se:**

Non: \_\_\_\_\_

Telefòn: \_\_\_\_\_

# fè yon plan

## Prepare w lakay ou

Espas ki pi sekirite anndan lakay mwen an se:

---

Ekri enstriksyon sou kijan pou etenn sèvis piblik yo nan kay ou a si otorite yo mande pou w fè sa.

**Fason pou w etenn:**

Elektrisite: \_\_\_\_\_

---

Gaz: \_\_\_\_\_

---

Dlo: \_\_\_\_\_

---



## Kijan pou abrite w sou plas

Nan kèk ijans, yo ka mande w abrite w sou plas. Sa vle di ke ou ta dwe rete anndan nenpòt kote w ye, epi pa soti deyò.

**Ou ta dwe:**

- Rete trankil.
- Fè timoun yo ak bèt domestik yo rantre tousuit.
- Fèmen epi vewouye tout fenèt ak pòt deyò yo.
- Kenbe twous ijans lakay ou a.
- Ale nan yon chanm nan mitan kay la oswa nan yon chanm san fenèt si ou gen youn.
- Rete kote w ye a jiskaske otorite yo di li san danje.

**Pandan yon ijans piblik, rete konekte ak sous enfòmasyon ki fyab yo. Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.**

## Prepare w pou Evakyasyon

**Chwazi yon espas reyinyon:**

Panse kote ke fanmi ou ka rankontre si nou separe pandan yon ijans, tankou yon bibliyotèk, sant kominotè oswa kote pou adore.

**Plas Reyinyon Fanmi mwen se:**

Non kote a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

---



### Chwazi yon kote ou ka rete:

Panse ak yon plas kote w ka rete si w gen pou kite kay ou pou kèk jou. Li kapab kay yon zanmi oswa kay yon fanmi, yon motèl, otèl oswa yon abri.

### Si m ap kite kay mwen pou kèk jou, mwen prale:

Non kote a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

### Abri Vil mwen an se:

Non kote a: \_\_\_\_\_

Adrès: \_\_\_\_\_

### Suiv Anons Evakyasyon Otorite yo:

Si yo di w pou evakye, pran **Valiz Ijans** lan epi kite kote w ye a touswit. (Gade Page 10 la pou aprann kijan pou fè yon **Valiz Ijans**.)



## Kisa pou w fè lè gen yon Ijans

- Rete yon kote ki an sekirite.
- Verifye si gen moun bò kote w ki blese epi chache èd pou nenpòt moun ki blese gravman.
- Rele 9-1-1 SÈLMAN si gen yon sitiyasyon ki menase lavi w. Li trè enpòtan pou kenbe liy sa yo lib pou moun ki gen bezwen yo.
- Asire w ke bèt domestik ou yo an sekirite.
- Kontakte fanmi w pa mwayen yon mesaj tèks nan telefòn selilè w. Nan anpil ka, mesaj tèks ap pase kote yon apèl nan telefòn pa ka pase. Si w pa gen yon telefòn selilè, pa okipe liy ou an anpil.
- Mande pou vwazen w yo, sitou moun ki granmoun yo, ki gen yon andikap oswa yon bezwen espesyal.
- PA ale nan lopital sòf si gen yon ijans medikal.

**Pandan yon ijans piblik, rete konekte ak sous enfòmasyon ki fyab yo. Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.**



# rasanble pwovizyon

## Fè Twous Ijans ou

Si gen yon ijans nan zòn ou an, ou ka pa kapab jwenn manje, dlo oswa lòt bagay ou bezwen pou siviv.

**Sèvi ak lis verifikasyon yo pou w fè Twous Ijans ou:**

1. Valiz Ijans
2. Twous Ijans pou Kay la
3. Twous Ijans Machin

Verifye epi renouvle medikaman twous ou yo lè w ap chanje lè revèy ou a ann otòn ak prentan.



## Valiz Ijans

Prepare yon **Valiz Ijans** pou chak moun lakay ou. Li ta dwe solid epi fasil pou pote, tankou yon sak lekòl oswa yon ti valiz a woulèt.

Yon **Valiz Ijans** se yon koleksyon bagay ou ta vle si w gen pou yo kite prese prese.



### Pake:

- Dlo nan boutèy



- Manje ki pap gate, tankou ba granola



- Flach



- Yon kopi konplè gid sa a



- Kopi dokiman enpòtan w yo nan yon resipyan ki enpèmeyab (tankou kat asirans, kat Medicare/Medicaid, foto idantite, prèv adrès, ak maryaj ak nesans, kopi kat kredi ak kat ATM)



- Radyo ki fonksyone ak manivèl oswa pil anplis



- Lajan Kach, an ti kantit



- Notepad ak plim



- Chajè telefòn selilè



- Ekipman medikal an rezèv (tankou linèt, lantiy kontak ak solisyon lantiy, aparèy pou tandè), pil, chajè ak ralonj



- Medikal alèt tag/ braslè si w pote youn



- Pwodwi pou bèt sèvis oswa bèt domestik ou genyen (tankou manje, dlo siplemantè, bòl, kòd pou chen, sachè dechè pou chen, dosye vaksinasyon ak medikaman)



- Foto manm fanmi w ak bèt domestik nan ka w ap separe ak yo e w t ap bezwen èd pou chèche yo



- Kle machin siplemantè



### Si ou gen timoun piti, ou ka bezwen:

- Lèt



- Bibon



- Manje bebe



- Kouchèt



- Sèvyèt papye



- Jwèt ki pa bezwen pil oswa elektrisite, tankou:


- Liv



- Jwèt kalman



- Liv koloran ak kreyon koulè



# rasanble pwovizyon

## Twous Ijans pou Kay la

**Twous Ijans Kay**  
ou a ta dwe gen ase materyèl pou ou ak pou kay ou a pandan omwen 3 jou.



### Pake:

- Dlo nan boutèy - omwen yon galon dlo pou chak moun lakay ou pandan omwen 3 jou. Pake dlo anplis si gen timoun, si yon moun ap bay yon tibebe tete, oswa si li fè cho.



- Zouti pou louvri bwat



- Manje ki pa bezwen frijidè pou konsève oswa ki pap bezwen kwit, tankou bwat konsèv oswa pake pwason ton, pwa ak sereyal



- Manje pou tibebe oswa pou granmoun aje yo



- Asyèt papye ak bòl, ak istansil plastik



- Sèvyèt papye, papye twalèt, savon



- Klowòks ak kont-gout (pou trete dlo)



- Radyo ki mache ak pil



- Flach ak pil siplemantè



- Telefòn selilè ak chajè



- Dra/sak pou dòmi ak zòrye pou tout moun nan kay la



- Rad anplis pou chak moun



- Kit premye swen. Sonje pou enkli: remèd pou lafyèv tankou Tylenol, Motrin, Advil oswa aspirin pou granmoun ak timoun (sou fòm likid si sa nesèsè)



- Pwodwi medikal (tankou founiti pou kolostòm, sereng ensilin)



- Sak fatra ak founiti netwayaj



- Pwodwi pou bèt sèvis oswa bèt kay (tankou manje, dlo, bòl, kòd pou chen, atik netwayaj)



- Yon kopi konplè gid sa a



## Twous Ijans Machin

- ak sab oswa lityè pou chat pou fè traksyon sou wou, ak yon ti pèl




- Djak ak kle wou, kawotchou rezèv



- Gratwa ak bale



- Kab boustè



- Kòd pou remoke



- Twal klere ki gen koulè cho pou itilize kòm yon drapo, ak fize oswa triyang reflechi



- Flach ak pil siplemantè



- Ti zouti (pens, kle, tounavis, kouto sèvis piblik)



- Rad siplemantè




- Chajè telefòn selilè pou machin



- Kit premye swen. Sonje pou enkli: remèd pou lafyèv tankou Acetaminophen, Ibuprofen oswa aspirin pou granmoun ak timoun (sou fòm likid si sa nesèsè)



- Manje ki pap gate tankou baton pwoteyin, baton granola oswa baton fwi



- Dlo nan boutèy



- Dra/sak pou dòmi



# chache enfòmasyon

## Kalite Ijans yo

### Pami Dezas Natirèl yo genyen:

- Gwo Siklòn
- Inondasyon
- Tanpèt nèj oswa tanpèt nèj
- Tonad

#### REGLEMAN ANRAPÒ AK TANPÈT:

- **APÈSI**  
Apèsi yon gwo tanpèt vle di ke move tan ka rive.
- **AVÈTISMAN**  
Avètisman pou yon move tan vle di gen yon tanpèt nan wout.

### Pandan yon Dezas Natirèl

- Suiv televizyon, estasyon radyo lokal yo oswa Entènèt pou enstriksyon ofisyèl yo, sa vle di, koteabri yo ye ak rapò move tan.

### Aprè yon Dezas Natirèl

- Asire w fanmi w pa blese.
- Pa manyen ni ale tou pre liy elektrik ki tonbe yo. Di konpayi elektrisite lokal ou a kote w wè liy elektrik ki tonbe a.
- Si gen yon pàn kouran elektrik, ou ta dwe pran prekosyon ak sekirite manje ak anpwazònman monoksid kabòn. Gade "Pàn kouran" nan pwochen Page la pou plis enfòmasyon.

Aprann plis sou kisa pou fè pandan yon ijans nan [ready.gov](http://ready.gov)

## Gwo Siklòn

- Si gen yon gwo siklòn oswa yon avètisman, rantre tousuit.
- Pran ou **Twous Ijans pou Kay** la ak **Valiz Ijans ou an** epi deplase nan pati ki pi ba nan kay la, tankou sousòl ou a si ou gen youn.
- Si yo di w pou w evakye, pran **Valiz Ijans** ou a epi kite imedyatman.

## Inondasyon

- Ale nan pi wo nivo nan kay la. Pran ou **Twous Ijans pou Kay** la avèk ou.
- Si gen inondasyon, rete lwen dlo inondasyon an. Dlo inondasyon ka gen viris, bakteri ak mikwòb ki ka fè w malad anpil.
- Ou ta dwe konsidere kontamine tout manje, dlo ak medikaman ki te pran nan dlo inondasyon epi jete yo.

## Tanpèt nèj

- Rete lwen wout yo.
- Asire w ke ou gen manje, dlo ak founiti pou rete an sekirite ak kote ki cho pou kèk jou.
- Asire w ke telefòn selilè w chaje, etandone ou ka pa jwenn kouran.
- Asire w ke rantre ak soti founèz ak lòt aparèy yo pa gen nèj pou anpeche pwoblèm vantilasyon ak akimilasyon monoksid kabòn.
- Asire w tiyo echapman machin ou an pa gen nèj oswa glas anvan w demare.

## Tònad

- Si gen yon avètisman pou tònad, rantrè anndan imedyatman.
- Desann nan sousòl la, abrite w kont tanpèt la oswa nan yon chanm tou pre mitan kay la.
- Si ou nan yon bilding ki wo, ale nan mitan bilding nan, tankou yon eskalye oswa yon koulwa.

## Dlo egou k ap refoule

Si w gen dlo egou k ap refoule lakay ou:

- Rele depatman sante vil ou a oswa lokal yo pou w fè konnen gen dlo egou k ap refoule.
- Yon dlo egou k ap refoule ka rann kay ou a yon kote ki pa an sekirite pou moun viv.
- Etenn kouran si gen dlo ki kanpe oswa chans pou fil elektrik yo touche dlo oswa nenpòt ki bagay ki mouye.
- Pa chaje twalèt yo.
- Kenbe tout timoun ak bèt domestik yo lwen dlo egou a.
- Mete gan kawoutchou lè w ap manyen nenpòt bagay ki gen dlo egou sou li. Lave men w touswit.
- Pa janm manyen dlo egou avèk men w konsa.

**Pandan yon ijans piblik, rete konekte ak sous enfòmasyon ki fyab yo. Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.**

## Pàn Kouran

Kondisyon danjre tankou t anpèt kapab lakòz pàn kouran.

Rapòte konpayi elektrik ou a yon pàn kouran elektrik.

Nan Connecticut, gwo konpayi elektrik yo se:

- **Eversource: 1-800-286-2000**
- **United Illuminating: 800-722-5584**



## Sekirite alimantè pandan yon pàn kouran elektrik

- Manje ki nan frijidè w ka vin tounen yon manje danjere si pa gen kouran pandan 4 èdtan oswa plis.
- Kenbe frijidè a ak frizè a fèmen pou ede manje rete nan bon kondisyon pandan pi lontan.
- Yon frizè ki plen manje ki jele ap an sekirite pou plis pase 48 èdtan (24 èdtan si li a mwatye plen).

## Apre yon pàn kouran

Netwaye frijidè ak frizè w ANVAN ou mete nouvo manje ladan li:


- Lave anndan frijidè ak frizè a - toudabò avèk savon ak dlo tyèd, annapre avèk yon dlo klowòks ki pa twò fò oswa ti sèvyèt pou dezenfektan.
- Kite andedan frizè a ak frijidè frèt anvan w ranpli li avèk manje.
- Pou plis enfòmasyon, ale nan [ready.gov/food](http://ready.gov/food)



# chache enfòmasyon

## Danje ki gen nan Monoksid Kabòn

Monoksid kabòn se yon gaz pwazon ki pa gen odè e ki san koulè, epi li ka lakòz maladi toudenkou ak lanmò.



Pou anpeche anpwazònman ak monoksid kabòn:

- Pa itilize dèlko pòtab andedan kay ou, garaj, sousòl oswa lòt espas ki fèmen, tankou yon galeri ki kouvri.
- Mete dèlko pòtab deyò - omwen 20 pye lwen lakay la. Kenbe dèlko w la lwen pòt, fenèt yo oswa bouch vantilasyon lè.
- Pa itilize gri chabon, gri gaz oswa recho kanping anndan kay la.
- Pa itilize aparèy chofaj gaz pwopàn oswa kewozin andedan kay la.

- Pa itilize fou gaz ou a oswa kwizin ou pou chofe kay ou.
- Enstale detektè monoksid kabòn nan chak etaj nan kay la, deyò tout espas moun dòmi. Chanje pil yo chak sis mwa epi ranplase detektè monoksid kabòn ou yo chak senk ane.
- Ouvèti fenèt ak pòt, ak itilizasyon vansilatè, pa ase pou sispann yon ogmantasyon danjere nan monoksid kabòn nan kay ou.

Siy yo anpwazònman monoksid kabòn yo tankou grip:

- Maltèt
- kè plen
- fatig
- Vomisman
- vètij
- Pèt konsyans

Si ou menm oswa yon manm nan fanmi an gen siy anpwazònman monoksid kabòn, soti deyò imedyatman epi rele 9-1-1 nan yon telefòn selilè oswa kay yon vwazen.

- Pou plis enfòmasyon, ale nan [ready.gov/power-outages](https://www.ready.gov/power-outages)

## Ijans pou dlo pou bwè

Pàn nan sistèm dlo, aksidan oswa atak teworis ka lakòz kontaminasyon nan dlo pou bwè ak pwodwi chimik oswa sibstans danjere.

**Pami siy kontaminasyon dlo pou bwè genyen:**

- Yon chanjman nan koulè
- Yon sant oswa gou dwòl
- Moso k ap flote ladan l
- Pi prive ki inonde se yon pi ki kontamine e yo dwe dezenfekte l anvan yo itilize l.
- Pou jwenn enfòmasyon pou dezenfekte pi yo, ale sou [agwt.org/content/water-well-disinfection-procedure](https://www.agwt.org/content/water-well-disinfection-procedure)

Si responsab sante yo di w pou trete dlo pou bwè w yo, itilize dlo pou trete oswa nan boutèy lè w ap:

- Fè manje
- Lave fwi ak legim
- Bwose dan w
- Fè lèt pou ti bebe
- Granmoun ak timoun ki pi gran pa bezwen sèvi ak dlo trete pou benyen, men yo pa ta dwe eseye vale oswa mete dlo ki pa trete nan bouch yo.



- Tibebe, timoun piti, granmoun aje ak moun ki gen sistèm iminitè ki gravman afebli ta dwe itilize dlo trete oswa dlo nan boutèy lè y ap benyen.

### Fason pou rann dlo w la potab

- Itilize dlo nan boutèy sele
- Bouyi dlo pou bwè pandan yon minit. Asire w ke dlo a pa gen okenn pay ladan l anvan w bouyi l.
- Oswa ajoute tablèt pou pirifye dlo selon sa ki sou pake a, epi kite dlo a repoze pandan omwen 30 minit anvan w itilize l.
- Pou plis enfòmasyon sou fason pou fè dlo vin pwòp, ale sou [cdc.gov/healthywater/emergency/making-water-safe.html](https://www.cdc.gov/healthywater/emergency/making-water-safe.html)

**Pandan yon ijans piblik, rete konekte ak sous enfòmasyon ki fyab yo. Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.**

### Apwopo Lèt Manman

Nan yon ijans, bay tete ka pwoteje ti bebe w la kont risk pou w ta fèt ak dlo kontamine pou yo. Li pwoteje tou tibebe w la kont pwoblèm respirasyon ak dyare - maladi ki ka danjere nan moman dezaz. Bay tete enpòtan sitou si gen yon pwoblèm kouran, dlo ak lòt sèvis.



- Pou lèt tete ki estoke nan frizè w, si ou ka wè ti moso glas, li san danje pou w rekonjele l.
- Si lèt tete a te dekonjle (pa gen okenn ti moso glas), itilize l nan 48 èdtan pou ti bebe ki an sante epi nan lespas 24 èdtan pou ti bebe twò prematire oswa malad yo.
- Pou plis enfòmasyon, ale sou [cdc.gov/breastfeeding](https://www.cdc.gov/breastfeeding)

### Pandemi

Lè yon nouvo kalite viris oswa grip lakòz moun malad nan tout peyi a oswa mond lan, yo rele sa yon pandemi. Li ka dire plizyè mwa, afekte anpil moun epi li ka trè danjere. Yon pandemi diferan de grip òdinè a.

#### Pandan yon pandemik

Ou ka fè fas ak:

- Long liy ak twòp moun nan sant sante ak lopital yo
- Yon mank medikaman
- Fèmti lekòl, biznis, magazen, bank ak biwo gouvènman yo

#### Ou ta dwe:

- Chèche rete an sante toutotan ou kapab. Pran vaksinasyon kont grip ou an chak ane, manje yon rejim balanse, pran anpil repo epi fè egzèsis chak jou.
- Rete lwen nenpòt ki moun ki malad.
- Rete lakay ou, pa al travay oswa lekòl si w santi ou malad.
- Netwaye sifas objè pataje yo (telefòn, kontwa, manch pòt).
- Evite manyen je w, nen w oswa bouch ou. Sa yo se esapas kote mikwòb ka r antre nan kò w.
- Pou plis enfòmasyon sou grip pandemik, ale sou [ready.gov/pandemic](https://www.ready.gov/pandemic)

# chache enfòmasyon

## Ijans Biyolojik

Ijans byolojik ka gen ladan l:

- Bakteri, tankou antraks
- Viris, tankou Ebola oswa lawoujòl
- Toksin, tankou botulinum

Yo ka flite nan lè a, yo itilize pou anpwazonnen manje, epi mete yo nan dlo pou bwè.

Kèk kalite ka gaye tou nan kontak moun ak moun.

Bakteri, tankou antraks, pa ka pase de yon moun ak yon lòt.


Lawoujòl pa pase de yon moun ak yon lòt. Si sa rive, moun ki te vin malad la ta ka bezwen kenbe distans li ak lòt moun oswa yo dwe izole tèt yo pou anpeche lòt moun vin malad.

### Kèk fason pou pwoteje tèt ou:

- Lave men w
- Pran distans ak moun
- Medikaman/vaksinasyon

### Pandan yon Ijans Byolojik

Gen dwa gen long liy moun k ap tann medikaman, vaksen oswa swen medikal, kidonk ou ta dwe pran pasyans



## Ijans Chimik

Ijans chimik ka gen ladan l pwazon tankou:

- Gaz
- Likid
- Materyèl Solid

### Pandan yon Ijans Chimik

Si ta gen yon ijans chimik ki rive deyò lakay ou - tankou yon aksidan machin, yon eksplozyon machin tren, yon aksidan nan faktori oswa yon kamyon tankè ki ranvèse:

- Etenn vantilatè a, klimatizè ak aparèy chofaj ak lè fòse yo ki pote lè fre ki sot deyò a.
- Si yo di w rete kote w ye a, rantre nan yon chanm anndan epi pran **Twous Ijans pou Kay la** kenbe nan men w.

### Aprè yon Ijans Chimik

- Lave kò w avèk savon ak dlo touswit si ou panse ou te pre pwodui chimik la.
- Chanje rad ou.
- Chèche swen medikal si ou santi ou malad.

**Pandan yon ijans piblik, rete konekte ak sous enfòmasyon ki fyab yo. Gade aktyalite yo epi swiv enstriksyon otorite lokal yo.**



## Ijans Nikleyè oswa Radyolojik

Yon ijans nikleyè oswa radyolojik gendwa yon aksidan nan yon izin nikleyè oswa itilizasyon entansyonèl yon zam nikleyè.

### Pandan yon Ijans Nikleyè oswa Radyolojik

Otorite yo pral gade nivo radyasyon an epi yo pral di w kisa w dwe fè pou pwoteje tèt ou.

- Yo ka mande w ale nan yon refij sou plas oswa evakye fanmi w nan yon Sant resepsyon Kominotè pou siveyans ak netwayaj si sa nesesè.
- Swiv wout evakyasyon katye w la.

### Si w ap viv toupre santral nikleyè Millstone Waterford nan, e gen yon ijans:

- Otorite lokal yo pral sonnen yon sirèn konstan pandan apeprè 3 minit, epi yo ka fè kèk anons sou sistèm sonorizasyon an sou wopalè.
- Lè w tandè sirèn yo, ouvè yon radyo oswa yon televizyon sou Sistèm Alèt pou Ijans lan (Emergency Alert System, EAS) pou w jwenn enfòmasyon sou sitiyasyon an ak enstriksyon sou ijans lan.

Estasyon radyo EAS yo se:

- WDRC 1360 AM
- WTIC 1080 AM
- 102.9 FM (Hartford)
- 96.5 FM (Hartford)
- WCTY 97.7FM (Norwich)
- Pou plis enfòmasyon sou fason pou sele yon chanm epi mete yon "abri sou plas" pandan yon ijans nikleyè oswa radyolojik, vizite [ready.gov/be-informed](http://ready.gov/be-informed)

## Fason ou ka ede

### Donate san

Rele Lakwa Wouj Ameriken nan 877-RED-CROSS (877-733-2767) oswa vizite [redcross.org](http://redcross.org) pran yon randevou pou bay san.

### Donate Rad ak Manje

Kontakte ajans/òganizasyon sekou ki nan zòn ou an pou wè kisa yo ka bezwen, tankou rad oswa manje.

### Aprann CPR ak Premye Swen

Pran yon kou debaz sou Premye Swen ak CPR. Chache yon klas nan [redcross.org](http://redcross.org)

## Volontè

### Kòporasyon Rezèv Medikal yo

Si w se yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans oswa ou pran retrèt ou, oswa si w enterese nan ofri sèvis antanke volontè pandan yon dezast nan yon lopital oswa nan yon inite nan kò rezèv medikal lokal/rejyonal la, enskri w sou [ctresponds.ct.gov](http://ctresponds.ct.gov)

- Pou plis enfòmasyon, ale sou [mrc.hhs.gov](http://mrc.hhs.gov)



### Ekip Repons pou Ijans Kominotè

Rantre nan yon Ekip Repons pou Ijans Kominotè (CERT). Kontakte vil lokal ou a pou plis enfòmasyon oswa ale sou [ct.gov](http://ct.gov) epi chèche "Ekip Repons pou Ijans Kominotè."

### Komite Katye

Fòme yon pwogram komite katye pou pi byen prepare w pou evènman alavni yo.

- Pou plis enfòmasyon, ale sou [nnw.org/about-neighborhood-watch](http://nnw.org/about-neighborhood-watch)

# Kontak Enpòtan ak Sous Enfòmasyon

## LÈ GEN IJANS, RELE 9-1-1

**Enskri pou Connecticut State Alerts**  
ctalert.gov

**Depatman Sante Piblik  
Connecticut**  
860-509-8000  
ct.gov/dph/prepare

**Depatman Sèvis Ijans ak  
Pwoteksyon Piblik Connecticut**  
860-685-8190  
ct.gov/demhs

**Polis Eta Connecticut la**  
Nimewo ki pa ijans: 860-626-7975

**Sant Kontwòl Pwazon Connecticut**  
800-222-1222  
health.uconn.edu/poison-control

**CT Prepares App**  
Telechaje aplikasyon CT Prepares la  
sou Apple App Store oswa Google Play.



Rete konekte.  
Swiv DPH sou  
Facebook ak Twitter.



## Jwenn yonabri

**United Way CT 2-1-1**  
Ale nan 211ct.org oswa rele 2-1-1

**Lakwa Wouj Ameriken**  
877-RED-CROSS (877-733-2767)  
redcross.org

## Voye yon Konsèy Anonim

### Rapòte aktivite sispèk:

- Call Rele 866-HLS-TIPS (866-457-8477)
- Voye yon imèl bay  
despp.feedback@ct.gov oswa  
rele estasyon polis lokal ou a.

## Pou Aprann plis

### Vizite sit entènèt sa yo:

ready.gov  
fema.gov  
cdc.gov/preparedness

**Apres w fin ranpli gid sa a,  
mete li yon kote ki an sekirite  
yon fason pou w toujou sonje  
ki kote w ap jwenn li.**

This guide is written in Creole.